

# *Komisyon Episkopal Nasyonal Jistis ak Lapè* *Commission Episcopale Nationale Justice et Paix*

Secrétariat national  
BP 1572  
Port-au-Prince Haïti 6110  
Tel / Fax 2943 0079; 4023 0243  
[justicepaixha@yahoo.com](mailto:justicepaixha@yahoo.com)

Pòtoprens, 25 novanm 2014

Lèt tou louvri pou Otorite yo nan peyi a

Ak pou tout moun ki vle tout pitit peyi a gen lavi

## **MESAJ KOMISYON EPISKOPAL NASYONAL JISTIS AK LAPE NAN LOKAZYON ASANBLE JENERAL LI.**

Komisyon Episkopal Nasyonal Jistis ak Lapè te reyini pou Asanble Jeneral li soti 19 rive 21 novanm 2014, nan Sant fòmasyon ITEKA nan Gresye. Swasann douz (72) delege ak entèvenan te soti nan tout dis (10) dyosèz oswa depatman peyi a pou Asanble Jeneral sa a.

Nou te reflechi sou tèm « **Planifye lavni pou tout pitit peyi a ka gen lavi** ». Nou te chwazi tèm sa a paske nou kwè pitit gason ak pitit fi ayisyen yo pa p ka viv byen si lavni peyi a pa byen planifye sou plan politik, ekonomik, sikolojik, sosyal ak ekolojik. Chwa tèm sa a tou mare ak travay Komisyon an t ap fè pou gide aksyon li yo pou twa lane k ap vini. Refleksyon delege yo te pèmèt yo wè yon bon lavni pou tout piti peyi a pa klè ditou, e yo mande ki avni n ap bati pou peyi a, lè :

- Tout monte desann k ap fèt yo pa mete Ayisyen natifnatal ak sa l ap devni nan mitan kesyon yo. Sa k ap pase devan je nou, sa k ap pale ak sa k ap fèt reyèlman, nan tout peyi a, mete nou nan gwo kalkil. Nou enkyete anpil paske nou wè se plis twou k ap fouye pou antere peyi a ak tout moun k ap viv ladan l. Nan tout sektè aktivite yo se debat n ap debat.
- Jiskounye a pratik politik yo poko ka pote bon plan pou pèmèt sosyete a atenn objektif li nan enterè sa ki bon pou tout moun. Depi 3 lane yo pa òganize eleksyon pou mete dirijan lejitim nan peyi a paske vrè plan an se kite vid pou fasilite likidasyon ak gaspiyaj resous peyi a san posiblite pou rann kont.
- Tout estrateji y ap mete anplas yo se wè kijan ranmase pi plis avantaj pou kèk moun anndan ak deyò peyi a, ak pakèt pwopagann kòm si lavi pifò moun anndan peyi a ap vin pi bon alòske se pa vre. Se lespri moun y ap detounen. An n gade ki kantite fanmi gouvènman an ap pouse do yo sou tè yo nan Lilavach; gade sa k ap pase nan Nòdès ak Nòdwès. Gade kantite fanmi yo lage nan lari sou pretèks y ap rekonstui anba lavil la ; plizyè mwa deja pase pa gen anyen k ap regle. An n gade kijan Gouvènman an ap livre peyi a bay konpayi etranje pou ranmase resous li genyen

anba tè nan kondisyon ki pa klè. Anpil fanmi pral vin pi pòv, si kontra yo pa pwoteje entere yo epi pwoteje anviwonman an.

- Tout diskou k ap fèt sou zafè touris ak pou ankouraje investisè etranje vin investi nan peyi a poko bay rezilta. Poukisa Gouvènman an mande pou investisè etranje vini, olye yo kreye kondisyon pou moun anndan peyi a ka investi pou pwogrè ekonomik? Kijan moun ka investi lè sistèm lajistis peyi a pa fonksyone? Lè lavi moun se po patat anba bal san fwa ni lwa, san pa gen bon jan ankèt pou fè limyè sou lotè zak kriminel yo ? Lè pa gen sèvis piblik nan chak domèn k ap mache yon fason ki kòrèk? Lè pa gen respè pou moun ak pou sa yo posede? Lè w bezwen fè yon papye nan biwo leta, se nan laviwonndede ak pèdi tan ki ka dire jis yon lane, anplis ak pakèt lajan pou peye raketè?
- N ap asiste ak yon seri pwogram san avni tankou Ede pèp, Kore etidyan, Ti manman cheri, ki pa respekte diyite ak dwa moun, lè y ap mete yo kanpe nan liy pou yon plat manje oswa yon ti monnen, epi k ap ankouraje koripsyon. Mete sou sa, se pa moun yo ki plis nan bezwen k ap benefisye pwogram sa yo vre.
- Divès pwogram edikasyon k ap pale nan peyi a pa klè pou popilasyon an, se pito makijaj pou detounen atansyon sou move fonksyonman Leta a. Jiskounye a gen yon kantite pwofesè k ap travay ki pa touche depi plizyè lane. Toujou gen anpil timoun ki pa jwenn posiblite pou ale lekòl akòz paran yo pa gen mwayen lajan. Toujou gen pakèt moun k ap travay pou Leta ki pa touche depi plizyè mwa.
- Nan domèn lasante, yon seri epidemi tankou kolera, chikoungounya kontinye ap mete dlo nan je fanmi yo san nou pa santi otorite yo pran dispozisyon kòrèk pou pwoteje popilasyon an. Ki vizyon Gouvènman an pou pwoteje popilasyon an kont maladi tout kalte k ap menase l?
- Yon ensekirite ekonomik, sosyal ak ekolojik ap ravaje popilasyon an. Lajan pa rive jwenn moun ki pi ba yo nan sosyete a, peyizan yo pa gen mwayen pou achte semans, yo pa gen ankourajman ak akonpayman pou travay latè. Lavi a vin pi chè, moun ki pòv ap vin pi pòv. Anpil moun nan chomaj, sa ki lakòz anpil gason ak fanm ap kite peyi a pou al chache lavi miyò nan lòt peyi ; pwostitisyon ap ogmante ; vin gen plis zak vyolans ak kriminalite ; epi anpil timoun twouve yo nan lari. Alòske pakèt lajan ap depanse pasipala nan aktivite ki pa bay rannman e ki pa rantre nan yon pwogram global pou chanje sitiyasyon move lavi moun ki pi pòv yo ap viv.
- Se ak britalite lapolis ap reponn gwoup moun k ap manifeste kont move pratik Gouvènman an ak tantasyon pou mete tout lòt branch Pouvwa yo anba kontwòl Pouvwa Egzekitif la. Yon seri pratik k ap vyole divès dwa moun genyen tankou : dwa lavi, dwa pou moun jwenn sa ki nesèsè pou viv jodi a ak demen, dwa pou viv nan yon anviwonman ki pa bay kè sote, dwa pou patisipe nan lavi politik peyi a, dwa pou di sa w panse sou sa k ap fèt nan peyi a.

**Komisyon Episkopal Nasyonal Jistis ak Lapè kwè nou dwe rasanble fòs pozitif nou yo pou n kab planifye avni peyi a pi byen. Konsa, nou mande pou :**

- 1) Dirijan yo nan tout twa (3) branch Pouvwa Leta Ayisyen an planifye avni peyi a pou tout moun kapab viv tankou moun ; pou yo mete sou pye politik piblik nan diferan domèn ki transparan epi ki garanti dwa moun genyen.
- 2) Gouvènman an sispann itilize lajan peyi a nan fè banbòch, gaspiyaj ak pwopagann pandan l ap kite dèt pou pitit ak pitit pitit peyi a ;
- 3) Otorite yo respekte dwa moun genyen yo, espesyalman dwa pou manifeste libelibè pandan lapolis ap asire sekirite manifestan yo dapre sa Konstitisyon 87 la prevwa, san vyolans ak britalite ;
  - Otorite yo pèmèt peyi a gen bon jan gouvènay ak dirijan ki lejitim ki soti nan eleksyon ki onèt, transparan epi tout moun ka fè konfyans ;
  - Otorite yo, nan planifikasyon k ap fèt yo sispann ap kwape pitit tè peyi a sou bout tè li pou bay plas ak zotobre oswa konpayi etranje pou vin piye peyi a. Nou bezwen fè chwa ekonomik ki chita sou sa nou genyen nan peyi a kòm richès ak resous pou devlope peyi a.

**Bò kote pa l, Komisyon Jistis ak Lapè pran angajman pou :**

- 1) Kontinye, ak zouti plan estratejik li, travay bò kote popilasyon an atravè aks Fòmasyon-Aksyon, Obsèvasyon-Reskonsabilizasyon, Jesyon konfli ak akonpayman viktim, Pledwaye pou refòm lajistis
- 2) Apiye inisyativ plizyè òganizasyon nan Sosyete Sivil la (tankou CRAN ak CHAR) pran pou pèmèt gen lòt vwa k ap ranmase preyokipasyon sosyete a sou baz chita pale, chache konprann, bay pwopozisyon epi mennen aksyon tèt ansanm.
- 3) Komisyon an ap kontinye mande pou politisyen yo, nan tout nivo, montre yo vle lapè, jistis ak vrè antant anndan peyi a. Pati politik yo dwe montre akèlè ki vizyon ak pwojè politik yo genyen pou peyi a. Yo dwe dialoge ak negosye sou vrè pwoblèm yo pou jwenn bon solisyon an. Amenmtan politisyen ak patizan yo bezwen dakò se pa nan vyolans ak zam, koutba ak bay manti pou y ap chache pran ak kenbe pouvwa.
- 4) Komisyon Jistis ak Lapè pa p janm bouke di se nou menm Ayisyen ki pou chache epi jwenn solisyon pou pwoblèm nou yo. Solisyon pwoblèm nou yo se nan men nou menm ayisyen li ye.

Pou tout pitit peyi a ka gen lavi, Komisyon Episkopal Nasyonal Jistis ak Lapè toujou rete kwè wòl tout aktè genyen pou aji nan bon direksyon, ak nan sans enterè tout moun.

66 delege ki siyen mesaj sa a:

Port-au-Prince, 25 novembre 2014

Lettre ouverte aux Autorités haïtiennes

Et à tous ceux et toutes celles qui luttent pour que tous les fils et les filles d'Haïti aient la vie

**MESSAGE DE LA COMMISSION EPISCOPALE NATIONALE JUSTICE ET PAIX A L'OCCASION DE SON ASSEMBLEE GENERALE NATIONALE**

La Commission Episcopale Nationale Justice et Paix s'est réunie en Assemblée Générale du 19 au 21 novembre 2014 au Centre de Formation ITECA à Gressier. Soixante douze (72) délégué(e)s et intervenants des dix (10) diocèses ou département du pays étaient présents à cette Assemblée.

Nous avons réfléchi sur le thème « **Planifions l'avenir du pays pour que tous et toutes aient la vie** ». Ce thème a été choisi parce que nous croyons que tous les fils et toutes les filles d'Haïti ne jouiront pas d'une vie meilleure si l'avenir du pays ne soit pas mieux planifié, tant sur le plan politique et économique, que sur le plan psychologique, social et écologique. Le choix du thème est lié également aux travaux de la Commission pour bien planifier ses actions et projets pour les trois prochaines années. Les analyses faites par les délégué(e)s ont permis de voir qu'un bon avenir pour tous les Haïtiens et Haïtiennes paraît bien loin ; ils se sont posés la question : quel avenir sommes-nous en train de construire pour le pays, si :

- Les multiples paroles et discours ne mettent pas les citoyens et citoyennes et leur avenir dans le pays au centre des préoccupations. Ce qui se passe devant nos yeux, ce qui se dit dans les discours, tout comme les réalisations réelles suscitent d'énormes inquiétudes et questions. Nous sommes inquiétés parce que nous observons de multiples signes qui montrent que le pays est en train de s'enfoncer dans un abîme. Partout on se débrouille.
- Jusqu'à ce jour les pratiques politiques n'arrivent pas à présenter un plan qui permet à la société d'atteindre un objectif qui soit dans l'intérêt de tous. Depuis trois (3) ans, ils n'y a pas eu d'élections pour élire des dirigeants légitimes ; le vrai projet semble bien être de laisser des vides pour faciliter la liquidation et le gaspillage des ressources du pays sans que personne ne puisse exiger de rendre compte.
- Toutes stratégies mises en place visent l'enrichissement de quelques individus à l'intérieur et à l'extérieur du pays, tandis qu'une forte propagande laisse croire que la vie de la population s'améliore alors que c'est le contraire. On est en train de tromper les gens. Regardons le nombre de familles que le Gouvernement est en train d'expulser de leurs terres à Ile-à-Vache. Voyons ce qui se passe dans le Nord-est et le Nord-ouest. Voyons le nombre de familles qui traînent dans les rues sous le prétexte de la reconstruction du Centre ville de Port-au-Prince ; plusieurs mois se sont écoulés, sans qu'il n'y ait aucune activité. Regardons comment le Gouvernement livre le pays entre les mains des compagnies étrangères pour exploiter les

ressources du sous-sol haïtien dans des conditions non élucidées. La misère de nombreuses familles augmentera si les contrats ne protègent pas leurs intérêts ainsi que l'environnement.

- Tous les discours pour attirer du tourisme et pour encourager les investisseurs étrangers à investir en Haïti restent sans résultats. Pourquoi le Gouvernement demande des investisseurs étrangers, au lieu de créer les conditions pour permettre aux nationaux d'investir dans le progrès économique ? Mais comment peut-on investir lorsque le système judiciaire ne fonctionne pas ; lorsque la vie des gens n'a aucune valeur devant le banditisme, quand aucune enquête sérieuse ne permette d'identifier les criminels ; lorsque les services publics ne fonctionnent pas convenablement ; lorsqu'il n'y a plus de respect pour les personnes et leurs biens ; lorsqu'un document fiable dans les bureaux de l'Etat s'acquiert après des démarches qui prennent du temps et au prix de fortes sommes payées aux raquetteurs.
- Nous assistons à une panoplie de programmes sans avenir comme *Ede pèp*, *Kore etidyan*, *Ti manman cheri*, qui ne respectent pas la dignité des personnes et leurs droits, lorsqu'on aligne les gens pour obtenir un plat de nourriture ou pour recevoir quelques gourdes ; en plus, les programmes encouragent la corruption ; ce ne sont pas les plus nécessiteux qui bénéficient vraiment de ces programmes.
- Les divers programmes d'éducation dont on parle dans le pays manquent de clarté pour la population ; ils apparaissent comme du maquillage pour détourner l'attention des gens du mauvais fonctionnement de l'Etat. Bon nombre de professeurs en fonction n'ont pas encore reçu leur salaire depuis plusieurs années. Beaucoup d'enfants toujours n'ont pas de possibilité de fréquenter l'école par manque de moyens financiers des parents. Bon nombre de gens qui travaillent pour l'Etat n'ont pas reçu leur salaire depuis plusieurs mois.
- Dans le domaine de la santé, certaines épidémies comme le choléra, chikoungounya continuent à endeuiller les familles ; nous ne ressentons pas que de sérieuses dispositions soient prises par les autorités pour protéger la population. Quelle serait la vision du Gouvernement pour protéger la population contre toutes sortes de maladies qui la menacent ?
- Une insécurité économique, sociale et écologique fait rage et menace la population. L'argent n'arrive pas à rejoindre les couches les plus bas de la société ; les paysans n'ont pas les moyens pour acheter des semences ; ils ne bénéficient d'aucun encouragement ou accompagnement pour travailler la terre. Le coût de la vie augmente et les pauvres deviennent plus pauvres ; le chômage bat son plein et oblige de nombreuses femmes et hommes à chercher la vie ailleurs dans un autre pays ; la prostitution a tendance à augmenter ; les actes de violence et de criminalité sont plus fréquents ; et beaucoup d'enfants se retrouvent dans les rues. Pourtant, des fortes sommes d'argent continuent à être dépensées dans des activités qui ne rapportent

rien et qui ne font partie d'aucun programme global pour changer la mauvaise situation des gens qui vivent dans la pauvreté.

- La police répond avec brutalité aux gens qui manifestent pour dénoncer les mauvaises pratiques du Pouvoir et la tentation du Pouvoir Exécutif pour instrumentaliser les autres branches des Pouvoirs de l'Etat. Certaines pratiques violent les droits humains comme : le droit à la vie, le droit de jouir d'un niveau de vie suffisant pour le présent et pour l'avenir, le droit de vivre dans un environnement sain, le droit de participer à la vie politique du pays, et le droit de s'exprimer sur ce qui se passe dans le pays.

**La Commission Episcopale Nationale Justice et Paix** croit que nous devons rassembler **nos forces positives pour mieux planifier l'avenir du pays. Ainsi, nous demandons :**

- 1) Que les dirigeants des trois (3) Pouvoirs de l'Etat haïtien planifient l'avenir du pays pour que tous et toutes puissent vivre dans la dignité; qu'ils mettent en place des politiques publiques dans les différents domaines de manière transparente et en vue du respect des droits humains.
- 2) Que le Gouvernement arrête d'utiliser les fonds de l'Etat pour organiser des festives et gaspillages qui laissent des dettes pour les fils et filles du pays, tout comme pour les générations futures.
- 3) Que les autorités respectent les droits humains, spécialement le droit de manifester librement pendant que la police assure la sécurité des manifestants sans violence ni brutalité selon la Constitution de 1987;
  - Que les autorités assurent la bonne gouvernance du pays, avec des dirigeants légitimes élus dans des élections honnêtes, crédibles que tout le monde peut faire confiance ;
  - Que les autorités, dans leur planification arrêtent d'expulser les habitants de leurs terres pour faire place aux gens riches et aux compagnies étrangères qui viennent pour piller le pays. Pour développer le pays, nous devons choisir un système économique qui se base sur nos propres richesses et ressources.

**De son côté, la Commission Episcopale Nationale Justice et Paix s'engage à :**

- 1) Continuer, avec son plan stratégique, d'accompagner la population à travers les axes : Formation-Action, Observation-Responsabilisation, Gestion des conflits et Accompagnement des victimes, et Plaidoyer pour la Réforme de la Justice.
- 2) Appuyer l'initiative de plusieurs organisations de la Société Civile (comme la CRAN et la CHAR) pour faciliter l'émergence d'autres voix qui soient capables de collecter les préoccupations de la société sur la base de dialogue, de recherche d'entente et de compréhension, de propositions et d'initiatives en commun.
- 3) La Commission continue à demander aux politiciens de tous les niveaux, de montrer qu'ils veulent la paix, la justice et une vraie entente dans le pays. Les partis politiques doivent

montrer clairement leur vision et leur projet politique pour le pays. Ils doivent dialoguer et négocier sur les vrais problèmes pour trouver de solutions réelles. De même, les politiciens et leurs partisans doivent accepter de ne pas chercher à prendre ni maintenir le pouvoir par la violence armée, des pratiques malhonnêtes et le mensonge.

- 4) La Commission Justice et Paix ne cesse de répéter : **c'est à nous, Haïtiens et Haïtiennes, de rechercher et de trouver les solutions pour nos problèmes. La solution de nos problèmes est entre les mains de nous-mêmes, Haïtiens.**

Pour que tous les fils et toutes les filles du pays aient la vie, La Commission Episcopale Nationale Justice et Paix continue à croire que tous les acteurs ont la responsabilité à agir dans la bonne direction et dans l'intérêt de tous.

66 délégué(e)s signent ce message: